

FICH TEKNIK

REFWADISMAN AK DLO GLASE FWI AK LEGIM YO: ITILIZE TEKNIK KI MWEN CHÈ

Carina Theodore¹

Objektif

Konprann enpòtans ki genyen nan diminye tanperati fwi ak legim yo. Aplike metòd refwadisman dlo glase a pou amelyore kalite pwodwi sa yo.

Tanperati

Se youn nan faktè ki vrèman enpòtan nan kenbe bon jan kalite pwodwi ki rekòlte yo. Kontwòl sa a kòmanse depi nan jaden jiska kote pwodwi sa yo pral konsève. Se pou:

- Itilize bon pratik anvan rekòt
- Redwi domaj pandan rekòt la
- Refwadi pwodwi agrikòl yo touswit apre rekòt la



AREA photo

Ki sa ki refwadisman

Refwadisman se yon metòd yo itilize pou retire chalè jaden an nan pwodwi agrikòl yo. Transfè chalè a enpòtan pou byen retire chalè jaden an epi li depann de twa faktè: tan, tanperati ak kontak. Pwodwi a sipoze rete nan sistèm refwadisman an (glasyè a) pandan yon bon bout tan jouk li rive nan sa ki rele 7/8 tan refwadisman an. Tan refwadisman an depann de gwo pwodwi agrikòl la tou.

Benefis nan refwadisman

- Ralanti tanperati pwodwi agrikòl yo
- Diminye pousantaj respirasyon ki lakòz pwodwi agrikòl yo gate
- Diminye pousantaj transpirasyon osinon dlo nan sifas prodwi ki ka pèmèt li fennenn
- Diminye pwodiksyon etilèn ki lakòz fwi a mi rapid epi pouri (gate)
- Epitou, refwadisman gen yon gwo enpak nan ralanti aktivite mikwo-òganis, redwi pèt nan teksti, gou ak eleman nitritif

Kèk metòd refwadisman

Vakyòm, glas likid, refwadisman ak lè epi refwadisman ak dlo glase.

¹Carina Theodore, College of Agricultural and Life Sciences, University of Florida Institute of Food and Agricultural Sciences, Gainesville, FL 32611. Fish Teknik sa a te pwodui pa pwojè Feed the Future Haiti Appui à la Recherche et au Développement Agricole (AREA). Dat publikasyon orijinal Janvyè 2020.

Refwadisman ak dlo glase

Sistèm sa a retire chalè jaden an pi vit epi se dlo frèt ki itilize pou refwadi pwodwi a. Dlo se pi bon mwayen transfè chalè pase lè. Hydrocooler ki pi senp lan se yon tank ak dlo ki dezenfekte (klorin pou evite ajan patojèn) kote nou plonje pwodwi yo nan tank lan pou yo frèt.

Preparasyon hydrocooling

Materyèl

- Glasyè, tèmomèt
- Twous tès dlo (klò, ak pH)
- Dlo frèt pwòp, glas ak klò

Kèk pwodwi nou ka refwadi ak dlo glase: bètrav, bwokoli, zoranj, chou, seleri, konkonb, berejèn, poro, epina, Kreson ak lòt ankò.

Pwosesis

- Itilize glasyè pwòp
- Ranpli glasyè a ak dlo potap ki pwòp
- Ajoute glas si w genyen
- Kenbe tanperati dlo a nan 0 a 1°C
- Ajiste dlo a 100-200 ppm klò epi pH ant 6.5 a 7.4
- Mete 1 kiyè kloròks pou 1 galon dlo
- Plonje pwodwi agrikòl yo nan dlo a
- Kontwole tanperati pwodwi yo ak dlo a epi kontwole pH ak konsantrasyon klò ki nan dlo a tou.
- Mete tèmomèt la anndan pwodwi a pou swiv tanperati a pandan refwadisman an.
- Refwadisman an ka pran 15 a 20 minit pou rive nan 7/8 tan refwadisman